



**NYC Housing Recovery**  
212-615-8329  
housing@recovery.nyc.gov  
nyc.gov/builditback

Si ou pa konprann lèt sa a oubyen si ou bezwen yon tradiksyon, silvouplè kontakte nou nan nimewo (212) 615-8329 pou ou kapab jwenn yon asistans pou sa.

## F14

### ATESTASYON REVNI ZEWO

ETA NEW YORK

KONTE \_\_\_\_\_

Mwenmenm, \_\_\_\_\_ sèmante oubyen deklare, san kwa mwen riske sanksyon pou paji (manti sou sèman),

1. Pa gen pèsòn kap viv nan kay lan aktyèlman kap resevwa revni ki soti nan youn nan sous sa yo:
  - a. Salè nan travay yo (ki gen ladan yo tou komisyon, poubwa, bonis, frè, ets.),
  - b. Revni ki soti nan eksplwatasyon yon biznis;
  - c. Revni ki soti nan yon byen imobilye oubyen yon pwopriyete pèsònèl;
  - d. Enterè oubyen dividand ki se pwodwi yon oubyen plizyè aktif;
  - e. Peman Sekirite Sosyal, anyite, polis asirans, fon retrèt, pansyon oubyen endamnite apre yon desè;
  - f. Prestasyon pou maladi oubyen enkapasite;
  - g. Peman èd sosyal;
  - h. Alokasyon regilye tankou pansyon alimantè apre divòs, pansyon alimantè pou timoun, oubyen kado mwen resevwa de moun kap viv nan fwaye mwen;
  - i. Salè regilye, frè salè spesyal epi alokasyon yon chèf fwaye oubyen yon mesye/madanm marye ki se manm Fòs Ame (kèlkeswa si militè an ap viv nan kay lan ou non);
  - j. Kado sou fòm lajan fanmi oubyen zanmi voye regilyèman;
  - k. Nenpòt lòt sous ki pa parèt pi wo an.
2. Nan moman an, mwen pa gen okèn kalite revni epi pa gen okèn chanjman ki pral vini byento dapre sa map atann sou stati finansye mwen pandan 12 mwa ki pral vini yo.
3. Lòt moun nan kay mwen, si genyen, pa gen okèn kalite revni non plis epi pa gen okèn chanjman ki pral vini nan sityasyon finansye fanmi mwen pandan 12 mwa ki pral vini yo.
4. Mwen byen konprann se responsabilite mwen pou mwen avèti lè gen nenpòt chanjman nan revni fwaye an nan yon kominikasyon mwen fè alekri anvan di (10) jou pase apre chanjman sityasyon an fèt.

**Ou dwe siyen vèsyon ofisyèl dokiman an ki ann angle epi mete l ansanm ak demand ou an.**

\_\_\_\_\_  
Siyati

Sèmante devan mwen nan dat \_\_\_\_\_ nan mwa \_\_\_\_\_ 20\_\_\_\_.

\_\_\_\_\_  
Notè

ATESTASYON REVNI ZEWO